

## RINGKESAN

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun: (i) Nangtukeun larapna métode blended learning dina pangajaran ékonomi di SMA Pasundan 3 Bandung. (ii) Nangtukeun tingkat pamahaman matéri pangajaran ékonomi di SMA Pasundan 3 Bandung. (iii) Pikeun mikanyaho sabaraha pangaruh métode blended learning kana tingkat pamahaman siswa SMA Pasundan 3 Bandung. Métode panalungtikan anu digunakeun nyaéta survéy kalawan pendekatan kuantitatif. Sampel anu digunakeun nyaéta 101 siswa anu dijadikeun réspodén. Téhnik ngumpulkeun data ngagunakeun angkét jeung tés anu disebarkeun ka siswa ngagunakeun program IBM SPSS Statistics Version 16.0. Métode analisis data anu digunakeun nya éta régrési liniér basajan, jeung koefisien determinasi. Hasilna nuduhkeun ayapangaruh blended learning kana tingkat pamahaman siswa. Ditilik tina hasil ngolah data koefisien determinasi meunangkeun nilai R Square 64,4%. Minangka ahir panalungtikan, panulis nepikeun saran. (i) pikeun siswa dipiharep bisa ngaronjatkeun pamahaman pangajaran anu leuwih hadé deui (ii) pikeun sakola, sakola dipiharep bisa gawé bareng (kolaborasi) antara guru, siswa, jeung kolot dina nyiptakeun lingkungan diajar anu pikaresepeun, pikeun nyiptakeun tujuan pangajaran anu dipikahayang. (iii) pikeun panalungtik ka hareup, dipiharep bisa maluruh deui sumber informasi jeung référénsi anu aya patalina jeung pembahasan panalungtikan sarta pikeun nalungtik leuwih jero ngeunaan ieu panalungtikan.

**Kata Kunci:** *Blended learning* jeung tingkat pamahaman